

NETWAYAJ AK DEZENFEKSYON

Pi Bon Pratik Pandan Pandemi COVID-19 la

Bon Lide

Swiv Machaswiv CDC, Eta a, ak Machaswiv Sante Piblik Lokal yo

Selon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC), COVID-19 la prensipalman pwopaje nan lè. Yo panse ke risk la fèb pou trape viris la lè ou touche yon sifas ki kontamine.



Netwaye Sifas yo ak Savon ak Dlo

Netwayaj woutin nòmal ak savon ak dlo redwi risk pwopagasyon COVID-19 pandan w ap retire jèm yo ak pousyè sou sifas yo. Nan pifò sitiyasyon, netwayaj ase pou redwi risk la.



Itilize Dezenfektan EPA a Anrejistre Selon Machaswiv ki sou Etikèt Yo

Pi lwen, dezenfektan yo redwi risk pwopagasyon COVID-19 lè ou itilize pwodwi chimik pou touye jèm yo. Itilize dezenfektan yo sou sifas moun plis touche yo lè ou konnen oswa ou sispèk yon moun ki bò kote w malad avèk COVID-19.

Dwe Pridan

Dwe Pridan Lè w Ap Itilize Dezenfektan Bò Kote Moun ki Soufri Opresyon

Dezenfektan yo ka deklanche yon kriz opresyon. Si ou soufri opresyon, ou kapab bezwen pran lòt prekosyon anplis tankou evite zòn kote moun ap netwaye ak zòn kote moun ap dezenfekte oswa asire ke espas la genyen van.



Dwe pridan avèk Brimizasyon, Fimigasyon, ak Espre Elektwostatik oswa Espre nan Tout Yon Zòn

Asire w ke etikèt pwodwi ou yo genyen machaswiv pou metòd aplikasyon an. Swiv tout machaswiv yo, ki genyen ladan prekosyon yo. Si yon pwodwi pa genyen etikèt pou metòd aplikasyon sa yo, li kapab riske oswa pa efikas si ou itilize l.



Dwe Pridan Avèk Limyè UV yo oswa Jeneratè Ozòn yo

Limyè UV oswa jeneratè ozòn yo kapab riske oswa pa efikas. EPA pa ka verifye si pou itilize oswa kilè li apwopriye pou itilize aparèy sa yo. Verifye gid la nan: [go.usa.gov/xHckJ](https://www.go.usa.gov/xHckJ)

Pa Fè L

Pa Mande Timoun oswa Elèv pou Aplike Dezenfektan yo

Dezenfektan yo se zouti ki pwisan pou kontwole pwopagasyon maladi a, epi yo ka nwi sante timoun si ou itilize l oswa konsève l yon fason ki pa kòrèk. Timoun ak elèv yo pa dwe aplike dezenfektan yo, epi yo dwe kite yo lwen kote timoun yo pa ka jwenn yo.



Pa Inyore Machaswiv ki sou Etikèt la

Si ou pa swiv machaswiv ki sou etikèt la, pwodwi dezenfektan yo kapab pa efikas oswa kapab pa sekirize. Pa aplike dezenfektan yo sou po, sou bèt domestik oswa nan manje. Pa dilye dezenfektan yo oswa pa melanje yo avèk lòt pwodwi chimik sof si etikèt la di w pou fè sa. Pa mete nan tèt ou kè de fwa kantite a pral de fwa travay la.



Pa Itilize Dezenfektan ki pa Anrejistre

Si pwodwi a di ke li tiye SARS-CoV-2 (COVID-19) la, men li pa genyen yon nimewo anrejistremen EPA a, li kapab pa sekirize oswa pa efikas. Lwa federal la mande pou dezenfektan yo kapab anrejistre nan EPA

